

Lee Memorial Health System

Deklarasyon sou Anons Lavi Prive Moun

**Anons sa a dekri kijan yo ka itilize epi revele enfòmasyon sou sante ou,
epi kijan ou ka rive jwenn enfòmasyon sa a.**

Tanpri egzamine enfòmasyon sa a avèk atansyon.

- LMHS tabli tankou yon òganizasyon swen medikal ki byen chapante, sa ki pèmèt divès gwoup ak divès pwogram sèvis (ki parèt nan Anons sa a), pataje antre yo enfòmasyon sou sante moun ki pwoteje, epi pèmèt yo ofri sèvis pou tretman, peye lajan oswa fè Aktivite Swen Sante.
- Nou ka pataje enfòmasyon sou sante ou ki pwoteje ak lòt pwofesyonèl swen sante anndan LMHS oswa ak lòt òganizasyon nou kouvri pou nou ka ofri ou bon jan kalite swen sante. LMHS ka pataje enfòmasyon sou sante ou ak lòt depatman anndan òganizasyon nou an pou nou ka ede yo byen ajanse swen ou bezwen, tankou preskripsyon, analiz san, manje ou ak radyografi oswa ankò lòt tès pou fè dyagnostik.
- Nou ka bay konpayi asirans maladi ou la enfòmasyon sou sante ou ki pwoteje, yon jan pou LMHS resevwa lajan pou sèvis swen sante ou bezwen nou baw. LMHS ka pataje enfòmasyon sou sante ou ak doktè ou poutèt transaksyon lajan ki gen rapò ak swen ou te resevwa nan men nou.
- Nou ka revele enfòmasyon sou sante ou ki pwoteje, nan kad aktivite nou nan domèn swen sante. LMHS ka pataje enfòmasyon sou sante ou pou li ka fè evalyasyon sou kalite sèvis nou te ba ou pandan ou te vizite nou. LMHS ka pataje enfòmasyon sou sante ou ak ajans andeyò sèvis nou pou yo ka ateste oswa rekonèt sèvis nou bay.
- Nou ka bay fonksyonè piblik oswa lapolis enfòmasyon sou dosye ou ki pwoteje, nan ka yon ankèt si yo te maltrete ou, si ou te viktim yon krim oswa viktim vyolans nan fwaye ou.
- Nou ka bay enfòmasyon sou sante ou ki pwoteje ba lòt òganizasyon ki bay swen sante si ou ta bezwen swen nan ka ijans.
- Nou ka bay enfòmasyon sou sante ou ki pwoteje ba yon òganizasyon sante piblik oswa ba yon òganizasyon federal nan yon ka maladi ki atrapan, oswa pou rapòte yon aparèy ki gen defo oswa nan ka dega yon pwodui byolojik fè (manje oswa medikaman, pa egzanp).
- Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou ki pwoteje sèlman apre nou resevwa otorizasyon pa ekri nan men w apade sa yo ki site anwo a oswa pou tretman, peman oswa operasyon pou swen medikal. Ou ka revoke pèmision w pou pataje enfòmasyon medikal ki pwoteje nenpòt lè. Ou dwe fè sa pa ekri ak dat sa antre an vigè epi se pou espesifye ki enfòmasyon medikal ou vle pwoteje. LMHS pa oblije dakò ak demann ou an si gen aksyon ki deja gen tan fèt oswa si yo te gen otorizasyon w kòm yon kondisyon pou jwenn asirans epi lalwa bay asirè a dwa pou l konteste yon reklamasyon.
- Nou ka pataje enfòmasyon ou ki pwoteje sèlman apre nou fin resevwa nan men ou otorizasyon sou papye, anplis otorizasyon ki deja site pi wo la yo, oswa pou tretman, lajan ou peye oswa ankò aktivite swen sante. Ou ka anile nenpòt kilè otorizasyon ou te bay pou nou revele enfòmasyon sou sante ou ki pwoteje. Ou dwe ekri otorizasyon an sou papye epi make dat ou vle li kòmanse pran fòs. Ou fèt pou ensiste tou pou yo pwoteje enfòmasyon ou. Yo PA egzije LMHS pou li dakò ak sa ou mande a.
- Nou ka bay yon pwojè rechèch ki apwouve pou sa, enfòmasyon sou sante ou ki pwoteje, annakò ak règleman ak pwotokòl mezi nou pou pwoteje lavi prive maladi la. Nan pifò sitiyasyon, LMHS va gen okazyon pou li jwenn otorizasyon ou sou papye anvan li pataje nenpòt ki enfòmasyon pou rechèch fèt.
- LMHS ka kontakte ou pa telefòn oswa pa lapòs (li ka kite tou yon mesaj anrejistre sou machin) pou li fè ou sonje randevou ou yo, fikse randevou davans pou egzamen ou, epi verifye enfòmasyon asirans oswa

enfòmasyon demografik ou bay, epitou li ka fè ou konnen rezilta tè ou te fè. Se dwa ou pou ou mande, lè y ap konsilte ou, pou yo bay enfòmasyon sou sante ou ki pwoteje, yon jan ki pi konfidansyèl oswa nan yon lòt fòm komunikasyon. LMHS va respekte tout demann nòmal ou fè.

- LMHS ka kontakte ou pa telefòn oswa pa lapòs pou li ofri ou lòt tretman oswa lòt sèvis sante ki ka enterese ou. LMHS va fè ou konnen nan enfòmasyon piblisite li fè, jan pou ou sispann resevwa piblisite alavni.
- LMHS ka kontakte ou pou li kolekte lajan pou kore aktivite li. LMHS va fè ou konnen nan enfòmasyon piblisite li fè, jan pou ou sispann resevwa piblisite alavni.
- Ou gen dwa pou mande restriksyon nan fason y ap itilize enfòmasyon medikal ou ki pwoteje. Men, LMHS ka chwazi pou l refize restriksyon w lan si li anpeche ou resevwa bon jan kalite swen medikal oswa ta gen yon kadijans.
- Se dwa ou pou ou resevwa enfòmasyon konfidansyèl sou kondisyon sante ou. LMHS ka revele enfòmasyon sante ou pou li avèti, oswa ede yo avèti yon fanmi ou, reprezantan pèsonèl ou, oswa yon lòt moun ki reskonsab pou ba ou swen, kote ou ye, oswa kondisyon jeneral sante ou oswa pou anonse lanmò (idantifye oswa chache kote ou ye tou). LMHS va aji ak bonsans pwofesyonèl li dapre eksperyans li ak pratik nòmal pou sa, pou li ka pran desizyon rezonab lè l ap mete deyò enfòmasyon sou sante ou, ki gen rapò dirèk ak patisipasyon moun k ap ba ou swen sante.
- Se dwa ou pou ou reli epi fotokopye nenpòt ki pati oswa tout pati nan enfòmasyon sou sante ou. LMHS gen otorite pou li fikse yon frè lajan pou ou fotokopye enfòmasyon sou sante an.
- Se dwa ou pou ou mande yo fè chanjman nan enfòmasyon sou sante ou. Ou dwe ekri sa sou papye epi eksplike poukisa yo dwe chanje enfòmasyon an. LMHS ka refize fè chanjman an, e poutèt sa, yon eksplikasyon dwe bay sou papye.
- Se dwa ou pou ou konnen kilès ki ap louvri dosye enfòmasyon sou sante ou ki pwoteje, lè se pou lòt rezon pase Tretman, Lajan ou Peye, Aktivite Swen Sante, epi lòt aktivite oswa piblikasyon enfòmasyon oumenm menm te otorize. LMHS egzije pou ou ekri Responsab pou Koze Enfòmasyon Lavi Prive Malad yo site pi ba la a, pou ou mande detay sou enfòmasyon ou yo te revele.

- Se dwa ou pou ou genyen yon kopi Deklarasyon sa a sou Anons Enfòmasyon Lavi Prive moun, lè ou mande sa. Yo ka ba ou kopi a pa imèl oswa sou papye.
- Lalwa egzije LMHS pou li pwoteje lavi prive malad li yo. Li va pwoteje tout enfòmasyon sou sante malad epi li va bay malad ki mande sa yo, yon lis obligasyon oswa pratik li pou pwoteje enfòmasyon sante moun.
- LMHS pral respekte kondisyon ki nan anons sa a, ki an vigè kounye a. LMHS gen dwa pou l fè chanjman nan anons sa a epi pou l fè nouvo anons an vigè pou tout enfòmasyon medikal li kenbe nan men l. Yo pral poste chanjman nan anons sa a sou sit entènèt Lee Memorial Health System, www.leememorial.org, epi yo ka redistribiye yon nouvo kopi nan pwochè vizit ou nan LMHS.
- Se dwa ou pou pote plent bòkote LMHS si ou kwè yo vyole dwa ou pou enfòmasyon ou rete an prive. Si ou kwè yo vyole dwa sa a, tanpri ekri pou ou pote plent ba:

**LEE MEMORIAL HEALTH SYSTEM
ATTN: PRIVACY OFFICER
HEALTH INFORMATION MANAGEMENT
2776 CLEVELAND AVENUE
FT. MYERS, FL 33901**

- Yo va fè ankèt sou tout plent. Yo pa pral rantre nan lavi prive ou poutèt ou pote plent nan Lee Memorial Health System.
- Ou ka ekri pou ou pote plent tou ba:
**REGION IV, OFFICE OF CIVIL RIGHTS
U.S. DEPT. OF HEALTH AND
HUMAN SERVICES
ATLANTA FEDERAL CENTER, SUITE 3B70
61 FORSYTH STREET, S.W.
ATLANTA, GA 30303-8909**
- Si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon ki konsènen Anons sou Pwoteksyon Enfòmasyon Lavi Prive Moun, tanpri kontakte Responsab nou an pou Zafè Enfòmasyon Lavi Prive nan:

**LEE MEMORIAL HEALTH SYSTEM
PATIENT INFORMATION PRIVACY OFFICER
2776 CLEVELAND AVENUE
FT. MYERS, FL 33901
239-334-5444
OR E-MAIL TO:
PRIVACYOFFICER@LEEMEMORIAL.ORG**

**LEE MEMORIAL
HEALTH SYSTEM**

